

## Devlopman Talan nan NECSD

- *Kisa Devlopman Talan ye?*
- *Pòtrè yon Elèv ki Gradye nan Newburgh*
- *Pwogram Devlopman Talan, Klas & Resous NECSD*
- *Kou Akselere NECSD Plan Dewoulman 6yèm Ane*

**KISA DEVLOPMAN TALAN YE?** Pwogram Devlopman Talan Distri Eskolè Elaji Vil Newburgh (Newburgh Enlarged City School District, NECSD) ap chèche bay pwogram ak metòd ansèyman ki devlope talan ak kapasite espesyal elèv yo pandan l ap reponn a bezwen tout moun kap aprann nan klas matènèl rive nan 8yèm ane.

### **PÒTRÈ YON MOUN KI GRADYE –**

Distri Eskolè Elaji Vil Newburgh te kreye objektif ki vini apre yo pou elèv ki gradye nan sistèm lekòl nou an. Yon elèv NECSD se yon moun ki gen kapasite ak valè ki vini apre yo:

- **L ap chèche Opòtinite kwasans**
- **Li renmen pran risk – Inovasyon, vizyonè san parèy**
- **Li enfòmè/pledwaye pou lòt moun globalman**
- **Se yon Lidè – Oditè diplomatik, kolaboratè ak delege**
- **Li bay an retou - Ki aktif nan kominote/anrasine nan istwa**
- **Li konfyans nan ansanm kapasite - Enfòmè epi edike**

Pwogram Devlopman Talan, Klas ak Resous		
Matènèl – 2 <sup>yèm</sup> Ane	3 <sup>yèm</sup> – 5 <sup>yèm</sup> Ane	6 <sup>yèm</sup> – 8 <sup>yèm</sup> Ane
iRead		
iReady	iReady	iReady
Kontni Sijè ki Abòde ak Sekans yo	Kontni Sijè ki Abòde ak Sekans yo	Kontni Sijè ki Abòde ak Sekans yo
Kad Ansèyman Debaz	Kad Ansèyman Debaz	Kad Ansèyman Debaz
Aprantisaj Elaji ki Baze sou Pwojè	Aprantisaj Elaji ki Baze sou Pwojè	Aprantisaj Elaji ki Baze sou Pwojè
Orizon Ilimite	Orizon Ilimite	Klas Akselere
Pwogram Ane Lekòl Pwolonje	Pwogram Ane Lekòl Pwolonje	Pwogram Ane Lekòl Pwolonje

**DEVLOPMAN TALAN NAN KLAS MATÈNÈL RIVE NAN 5YÈM ANE a sipòte pa:**

**iRead**

iRead se yon pwogram lekti pou timoun piti pou klas matènèl rive nan 2yèm ane ki sipòte aprantisaj elèv dapre bezwen endividyèl yo. Pwogram nan bay enstriksyon nan domèn idantifikasyon lèt, rekonesans mo, metriz ak fonetik. Se yon pwogram ki baze sou rechèch ki ofri elèv yo opòtinite pou metrize kapasite fondamantal yo pou yo vin otomatik. Pwogram nan adapte selon nivo debaz chak elèv selon pwogrè yap fè nan pwogram ki sou Entènèt.

**I-Ready**

Anplisde evalyasyon nan Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) ak Matematik, I-Ready ofri yon pwogram ki baze sou entènèt ki sible bezwen elèv endividyèl yo nan ELA ak Matematik pou asire ke elèv yo ap rive nan nivo ki bon pou klas yo. Enstriksyon an swa se yon pwofesè k ap bay li oswa li anliy epi li toujou baze sou bezwen elèv yo. Elèv yo ka jwenn aksè nan pwogram nan, nan fason endepandan pou aprann lakay yo.

### **Pwojè Aprantisaj**

Pwojè aprantisaj la se yon « paraplè » ki se tèm yo itilize pou idantifye aktivite, ki angaje elèv yo nan fason kolaboratif nan yon eksperyans aprantisaj ki estriktire. Eksperyans sa yo konsantre pou ede elèv yo devlope gwo konpetans ki ka transfere ki egzije timoun yo aplike konesans ak konpetans yo aprann yo. Sa fèt pou mete aksan sou eksplorasyon enfòmasyon difisil yo ak mòd rezonman yo.

### **Kad Ansèyman Debaz**

Kad Ansèyman Debaz Distri Eskolè Elaji Vil Newburgh la konstwi sou estrikti ki baze sou rechèch ke yo te konsidere ki efikas pou amelyore reyalizasyon ansèyman debaz elèv ki gen antededan divèsifye. Lè n itilize kad travay sa, n ap eseye ede elèv yo akri divès kapasite nan tout disiplin pou yo ka reyisi pandan yap chèche vin manm ki pwodiktif nan mond nou an ki konplèks epi entèkonekte.

### **Kat Pwogram Entèdisiplinè yo**

Yon ka pwogram se yon etap enpòtan nan konsepsyon pwogram ansèyman ak aprantisaj efikas pou yon klas. Li rezime sa ki anseye a, lòd (oubyen sekans) inite pwogram yo, ak rezilta enstriksyon ke chak inite abòde. Pou ane lekòl 2017-18 la, elèv ki nan klas matènèl rive 5yèm ane y ap benefisye de inite etid entèdisiplinè ki abòde nòm yo pandan y ap sipòte elèv yo pou fè koneksyon ki pi solid nan aprantisaj yo nan divès matyè.

### **ORIZON ILIMITE Pwogram pou Moun ki Dwe epi Talantye (K – 5)**

Elèv ki eksele nan tout domèn akademik nan fason ki konsistan e ki bezwen yon defi ki depase nivo kamarad yo, se kandida pou pwogram Orizon Ilimite (Unlimited Horizons, UH). Yo atann yo pou kandida yo fè yon tès espesyal (COGAT) nan dat 24 oubyen 26 jen epi fè yon entèvyou pou detèmine elijiblite a. Pandan ane lekòl 2017-18, UH ap teste nouvo aplikan ki soti atravè distri ki nan klas matènèl ak 2zyèm ane yo sèlman. ***Distri a ap avize elèv ki kalifye yo nan mwa dawout, epi y ap kòmanse pwogram nan an septanm 2017.***

## **KLAS AKSELERE NAN KLAS 6YÈM - 8YÈM ANE:**

Pou reponn a bezwen tout moun k ap aprann yo, Pwogram Onè nan nivo lekòl fondamantal yo te revize an Pwogram Akselere pou elèv yo ka nan youn oubyen tout klas yo, si yo reponn a kritè a. Yo ofri klas akselere yo nan tout lekòl matènèl jiska 8yèm ane ak lekòl entèmedyè Distri a. Klas sa yo ouvè pou tout elèv ki reponn a kritè kalifikasyon an. Objektif pwogram yo se pou bay ekstansyon nan nivo etid klas la, pou ajoute pwofondè ak kompleksite, pou leve epi devlope potansyèl akademik avanse. Pwogram klas akselere pou nivo fondamantal la deziyen pou estimile lespri yo epi reponn a bezwen elèv ki trè kalifye epi ki pèfòman yo.

Rigè se yon konpozan ekselans akademik ki enpòtan anpil epi li santral pou prepare elèv ki nan ti klas yo pou yo ka reyisi nan klas avanse nan lekòl segondè ak nan kominote global la. Kou akselere yo karakterize ak yon nivo diskisyon ak analiz ki pi pwofon pou sijè ak pwoblèm yo. Pwofesè yo itilize divès pratik enstriktif ki jenere souvan echanj lide pami elèv yo.

Klas la antre gwo nivo rezonnman analitik, rezonnman kreyatif ak estrateji pou rezoud pwoblèm. Yo mete aksan sou konpreyansyon pwofon konsèp enpòtan yo ak devlopman kapasite esansyèl yo. Yo ankouraje elèv yo nan apwoch aprantisaj nan divès fason pou devlope yon baz solid pou kwasans akademik ak entelektyèl, reyalyasyon ak siksè pèsonèl. Yo ankouraje yo nan oto-evalyasyon ak refleksyon sou aprantisaj yo ak pwosesis aprantisaj la. Yo atann pou elèv k ap patisipe nan klas akselere yo pou reponn oubyen pou depase nòm akademik ki wo.

Yo amelyore eksperyans aprantisaj elèv yo atravè pwojè ak devwa tankou sa ki site anba yo.

- Klas devlope ak devwa lekti endepandan ak devwa ekriti ki baze sou rechèch ki konekte epi devlope pwogram kou a epi konekte disiplin ki varye.
- Pwojè alontèm oubyen travay pèfòmans – prezantasyon oral, deba, pèfòmans, ekspozisyon, oubyen piblikasyon – ki demontre aplikasyon aprantisaj nan youn oubyen plis domèn ki gen rapò ak sitiyasyon lavi reyèl ak enkyetid kominotè yo
- Ankèt ouvè kote elèv la chwazi kesyon epi konsevwa rechèch la
- Devwa ekri ki itilize divès jan pou analiz konparatif
- Eksplorasyon kilti, valè ak istwa disiplin ki pi pwofon
- Opòtinite pou eksperyans rezoud pwoblèm ki ka devlope atravè imajinasyon, analiz kritik, ak aplikasyon
- Devlopman yon Pòtfèy Travay ki genyen oto-refleksyon ak elaborasyon objektif.
- Elèv ki pase Klas Akselere nivo klas 8yèm Ane entèmedyè yo ak egzamen Regents lan ki vini ansanm ak li, ap antre nan 9yèm ane avèk:
  - 1 kredi pou klas segondè pou Aljèb 1.
  - 1 kredi pou klas segondè pou Syans Latè.

Anplis, lè yo pase egzamen Rejan asosye a (yo) ak kou a (yo), elèv yo ka genyen tou:

- 1 kredi egzamen Regents nan Matematik
- 1 kredi egzamen Regents nan Syans

Siksè kontini nan klas Regents ak egzamen Regents nan lekòl segondè yo kap bay elèv yo yon opòtinite pou pran klas Plasman Avanse, depi premye ane yo nan Newburgh Free Academy.

## PLAN DEWOULMAN PWOGRAM AKSELERE 6 ZAN AN

Pandan sis ane k ap vini yo, NECSD a ap devlope Klas Matematik, Syans, Syans Sosyal ak Boza pou Debitan pou sèvi klas ki vini apre yo nan tout distri a:

Ane	Dewoulman Kou Akselere yo
Ane En (2016-17)	Matematik – 6zyèm Ane Syans - 6yèm Ane
Ane De (2017-18)	Matematik – 6zyèm ak 7yèm Ane Syans – 6zyèm ak 7yèm Ane
Ane Twa (2018-19)	Matematik – 6zyèm - 8yèm Ane Syans – 6zyèm - 8yèm Ane Syans Sosyal – 6zyèm Ane Boza pou Debitan – 6zyèm Ane
Ane Kat (2019-20)	Matematik – 6zyèm - 8yèm Ane Syans – 6zyèm - 8yèm Ane Syans Sosyal – 6zyèm ak 7yèm Ane Boza pou Debitan – 6zyèm ak 7yèm Ane Lang Inivèsèl - 6yèm Ane
Ane Senk (2020-21)	Matematik – 6zyèm - 8yèm Ane Syans – 6zyèm - 8yèm Ane Syans Sosyal – 6zyèm - 8yèm Ane Boza Debaz – 6zyèm - 8yèm Ane Lang Inivèsèl – 6zyèm ak 7yèm Ane
Ane Sis (2021-22)	Matematik – 6zyèm - 8yèm Ane Syans – 6zyèm - 8yèm Ane Syans Sosyal – 6zyèm - 8yèm Ane Boza pou Debitan – 6zyèm - 8yèm Ane Lang Inivèsèl – 6zyèm - 8yèm Ane

### Kritè pou Antre nan Kou Akselere Klas Lekòl Entèmedyè yo

Ane sa, yon komite (ki konpoze ak edikatè, paran ak manm kominote) te travay ansanm pou evalye epi modifeye kritè ki itilize pou detèmine kiyès ki kalifye pou Klas Akselere nan klas 6zyèm ak 7yèm ane yo pandan ane 2017-18 la. Nan sans sa, w ap wè uit (8) kritè ki te itilize pou timoun senkyèm ane aktyèl yo, anba a. Nan paj ki vini apre a, w ap jwenn sis (6) kritè pou timoun sizyèm ane yo ki pa ko patisipe nan Klas Akselere yo. **Tanpri, sonje ke tout entèvyou elèv yo ap planifye epi jere pèsònèl ki nan Divizyon Pwogram ak Enstriksyon (Division of Curriculum & Instruction) an.**

#### Kou Matematik Akselere Klas 6yèm Ane

Elèv klas 5yèm ane kounye a yo dwe fè 22 oubyen plis nan tablo ki anba a pou yo kalifye pou Klas Matematik Akselere Klas 6zyèm Ane a:

Pwen	3	2	1
Prezans	95%+	94%	93%
Metriz Matematik iReady	Ekselan	Konpetan	
Sou Konpòtman Aprantisaj Konpetan – Paran oubyen Direktè	21-24	18-20	
Ankèt Aprantisaj Matematik - Pwofesè	21-24	18-20	
Entèvyou Elèv (Baze sou Ribrik Entèvyè)	3	2	1
Kanè Klas 4yèm Ane (Trimès Final - Matematik)	4	3	2
Kanè Klas 5kyèm Ane (Trimès Final - Matematik)	4	3	2
Konpòtman Elèv (Kantite Nòt Satisfèzan Total)	8-10	5-7	

#### Klas Syans Akselere Klas 6zyèm Ane

Elèv klas 5kyèm ane kounye a yo dwe fè 22 oubyen plis nan tablo ki anba a pou yo kalifye pou Klas Syans Akselere Klas 6zyèm Ane a:

Pwen	3	2	1
Prezans	95%+	94%	93%
Nòt Final Syans	3,5-4,0	3,0-3,49	
Sou Konpòtman Aprantisaj Konpetan – Paran oubyen Direktè	21-24	18-20	
Ankèt Aprantisaj Syans – Pwofesè	21-24	18-20	
Entèvyou Elèv (Baze sou Ribrik Entèvyè)	3	2	1
Kanè Klas 4yèm Ane (Trimès Final - Syans)	4	3	2
Kanè Klas 5kyèm Ane (Trimès Final - Syans)	4	3	2
Konpòtman Elèv (Kantite Nòt Satisfèzan Total)	8-10	5-7	

***Kou Matematik Akselere Klas 7yèm Ane pou Nouvo Moun ki Antre (Ane Lekòl 2017-18 la sèlman)***

Nouvo elèv yo ki antre, pandan ane lekòl 2017-18 sèlman, dwe fè 16 oubyen plis sou tablo ki anba a pou kalifye pou Klas Matematik Akselere Klas 7yèm Ane:

<b>Pwen</b>	<b>3</b>	<b>2</b>	<b>1</b>
<b>Prezans</b>	95%+	94%	93%
<b>Sou Konpòtman Aprantisaj Konpetan – Paran oubyen Direktè</b>	21-24	18-20	
<b>Ankèt Aprantisaj Matematik - Pwofesè</b>	21-24	18-20	
<b>Entèvyou Elèv (Baze sou Ribrik Entèvye)</b>	3	2	1
<b>Kanè Klas 5kyèm Ane (Trimès Final - Matematik)</b>	95+	90-94	85-89
<b>Konpòtman Elèv (Kantite Nòt Satisfèzan Total)</b>	8-10	5-7	

***Klas Syans Akselere Klas 7yèm Ane pou Nouvo Elèv (Ane Lekòl 2017-18 la Sèlman)***

Nouvo elèv ki antre, pandan ane lekòl 2017-18 sèlman, dwe fè 16 oubyen plis sou tablo ki anba a pou kalifye pou Klas Syans Akselere Klas 7yèm Ane

<b>Pwen</b>	<b>3</b>	<b>2</b>	<b>1</b>
<b>Prezans</b>	95%+	94%	93%
<b>Sou Konpòtman Aprantisaj Konpetan – Paran oubyen Direktè</b>	21-24	18-20	
<b>Ankèt Aprantisaj Syans - Pwofesè</b>	21-24	18-20	
<b>Entèvyou Elèv (Baze sou Ribrik Entèvye)</b>	3	2	1
<b>Kanè Klas 6zyèm Ane (Trimès Final - Syans)</b>	95+	90-94	85-89
<b>Konpòtman Elèv (Kantite Nòt Satisfèzan Total)</b>	8-10	5-7	

***Lekòl ki atribye yo ap avize tout elèv ki kalifye pou Klas Akselere pou matematik ak/oswa syans nan klas 6zyèm ak 7yèm ane nan mwa dawout.***

### **Kritè pou Kenbe Enskripsyon nan Pwogram Akselere a**

Depi yo enskri nan klas akselere a, elèv la dwe kenbe yon minimòm 85% mwayèn pou de (2) trimès konplè yo pou l ka rete nan pwogram nan.

1. Si premye peryòd ki make a mwens pase yon 85%, pwofesè elèv la ap voye yon lèt avètisman bay paran/responsab yo. Lèt avètisman an ap deklare ke si elèv la kontinye fè yon mwayèn ki anba 85% nan fen dezyèm trimès la, y ap retire elèv la nan pwogram akselere a pou matyè sa a.
2. Nan fen dezyèm trimès la, si elèv la pa fè mwayèn 85% an, pwofesè elèv la ap voye dezyèm ak dènye lèt la bay paran/responsab elèv la yo. Lèt sa ap deklare ke y ap retire elèv la nan pwogram akselere a nan matyè sa a espesyalman, epi y ap mete l nan pwogram jeneral la.
3. Lè yo fin retire yon elèv, patisipasyon elèv la nan pwogram klas akselere pou pandan yon lòt ane lekòl depann de desizyon direktè lekòl la.

### **Pwogram Ane Eskolè Pwolonje**

#### **Rezoud Pwoblèm grasa Boza**

#### **Syans Teknoloji Jeni Boza Matematik (Science Technology Engineering Arts Mathematics, S.T.E.A.M)**

Elèv ki nan klas 6zyèm rive nan 12yèm ane yo patisipe nan pwojè eksperyans aprantisaj pou pote konesans epi abòde pwoblèm sosyal yo. Rezilta final yo se pral Anons Sèvis Piblik (Public Service Announcement, PSA) ke elèv yo kreye epi pwodwi pou piblik la nan dènye jou pwogram nan.

Y ap prevwa diskisyon nan klas yo ki enplike manm kominote kap travay nan trajektwa pwofesyonèl asosye tankou « konferansye envite ». Y ap prevwa pwofesyonèl nan domèn relasyon piblik ak maketing; konsepsyon grafik; prezantasyon aloral; pwodiksyon ak edisyon medyatik. Depi elèv yo idantifye sijè pou chak PSA, ap gen espesyalis apwopriye k ap patisipe.

#### **Akademi Syans Teknoloji Jeni Matematik (Science Technology Engineering Mathematics, S.T.E.M.)**

Elèv ki nan klas 3zyèm jiska 11zyèm ane yo ka aplike pou Akademi STEM. Nan pwogram peryòd lete kat (4) semèn sa, elèv yo ap gwoupe dapre klas yo lè y ap patisipe nan aktivite pratik nan Forè Black Rock epi ansanm ak klas espesyal nan Newburgh Free Academy yo. Tout travay sou teren ki fèt nan forè Black Rock la ap bay elèv yo aprantisaj eksperyansal yap ka aplike nan egzèsis pratik STEM yo nan salklas la.